

Pou Piblikasyon Imedya: 05/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INOGIRASYON TÈREN NAN YON PWOJÈ  
DEVLOPMAN LOJMAN KI A PRI ABÒDAB KI KOUTE 10.4 MILYON DOLA  
NAN ROCHESTER**

***Sant Sansibilizasyon pou Veteran yo nan Liberty Landing Pral Bay 33 Kay Ki A Pri  
Abòdab epi Ki Bay Sipò yo pou Veteran ak Fanmi yo***

***Investisman an ap Konplemanje Inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se  
Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a konstwiksyon VOC Liberty Landing nan Rochester, ki se yon pwojè devlopman lojman ki a pri abòdab ki koute 10.4 milyon dola ki pral kreye 33 kay ki a pri abòdab epi ki bay sipò yo pou veteran ak fanmi yo, ak 10 ki rezève pou veteran ki gen andikap yo. Investisman Eta a ap fè nan VOC Liberty Landing lan ap konplemanje inisyativ Finger Lakes Forward la nan ogmante aksè a bon jan kalite lojman ki a pri abòdab epi ki bay sipò yo pou ede rezidan yo rete nan kominote a epi viv an tout endepandans.

"Nou gen yon obligasyon pou nou asire ke sila yo ki te sèvi peyi nou an ak fanmi nou yo ki nan bezwen yo gen yon kote ki sekirize epi ki bon pou sante yo pou yo rele lakay yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Investisman nan lojman ki a pri abòdab epi ki bay sipò yo pral ede veteran nou yo ansanm ak lòt moun New York yo pwospere epi li fè pati epi entegre nan estrateji ki pi elaji nou genyen pou fè Finger Lakes pwogrese."

"Nou onore sèvis veteran nou yo nan asire ke yo gen sipò ke yo bezwen, epi sa gen ladan lojman ki a pri abòdab epi ki bay sipò yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi a te deklare.** "VOC Liberty Landing ki nan Vil Rochester ap kontinye ajoute sou devlopman zòn nan epi li fè pati angajman nou pran atravè eta a pou nou investi nan opsyon lojman ki a pri abòdab yo pou tout moun New York yo."

Angajman Gouvènè Cuomo pran pou ranfòse kominote nou yo epi devlope ekonomi Finger Lakes lan reflekte nan inisyativ "Finger Lakes Forward", ki se plan global rejyon an pou kreye kwasans ekonomik ki djanm ak devlopman kominotè. Depi 2011, HCR te deja investi 442 milyon dola nan Rejyon Finger Lakes la ki te kreye lojman ki a pri abòdab pou anviwon 14,650 rezidan.

VOC Liberty Landing se nouvèl konstwiksyon yon batiman ki gen kat etaj, ki pa konsome anpil enèji sou espas vid yon ansyen antrepo nan anba lavil katye Center City Grove Place nan Rochester.

Devlopman an pral gen 27 apatman ki gen yon sèl chanm a kouche ak sis apatman ki gen de sal a kouche ak pri lwaye ki a pri abòdab pou fanmi yo ki ap touche jiska 60

pousan nan revni mwayen zòn nan. Yo te elabore kat apatman pou yo totalman aksesib pou moun ki gen andikap mobilite yo epi yo te elabore de apatman pou reponn a nesesite sila yo ki gen andikap oditif oswa vizyèl yo.

VOC Liberty Landing pral gen yon assansè, sal kominotè ak sal egzèsis yo, etablisman pou moun fè lesiv yo, zòn enfòmasyon ak espas estokaj pou abitan yo. Sant Sansibilizasyon pou Veteran yo (Veterans Outreach Center, VOC) pral bay sèvis sipò pou veteran yo ki gen ladan avantaj ak oryantasyon finansye, travay ak fòmasyon pou travay, ak sèvis mantora konpayon a konpayon yo ak sèvis byennèt yo. Devlopè a se Conifer, LLC.

Devlopman an sitiye dirèkteman nan lari an fas yon arè bis Sistèm Transpò Rochester a, ki pral bay aksè ki fasil a opòtinite travay yo, famasi, sant swen pou timoun ak swen sante yo, sèvis bankè ak pou veteran yo.

Finansman Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York lan pou VOC Liberty Landing lan gen ladan Kredi Enpo Lokatif pou Moun ki gen Revni Fèb (Low-Income Housing Tax Credits) federal yo ki pral jenere 5.3 milyon dola nan ekite ak 3.3 milyon dola nan sibvansyon. Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance) nan Eta a pral bay asistans ak finansman lokatif pou sèvis sipò yo atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State lan (Empire State Supportive Housing Initiative). Fon HOME Vil Rochester yo ak Bank Prè pou Kay Federal la (Federal Home Loan Bank) yo pral bay finansman adisyonèl.

Angajman Gouvènè an pran pou bay tout moun New York yo aksè a lojman ki sekirize epi a pri abòdab sa reflekte nan Plan Lojman san presedan 20 milya dola sou senk ane a ke Eta a genyen. Plan an ap fè gen lojman ki aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri an lè y'ap konstwi oswa prezève plis pase 100,000 kay ki a pri abòdab ak 6,000 lojman ki bay sèvis sipò yo. Plan an se yon apwòch global pou abòde pwoblèm lojman atravè eta a epi li gen ladan devlopman lojman ak kominotè pou divès fanmi, ak pou yon sèl fanmi yo.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote, te deklare,** "VOC Liberty Landing pral bay kay ki a pri abòdab pou 33 fanmi, ki gen pami yo veteran yo, sa ki ap pèmèt abitan yo viv an tout endepandans nan kominote ke yo renmen an. Nou fyè pou nou sipòte moun sa yo ki te sèvi nasyon nou an epi te sakrifye anpil bagay pou nou. Lè nou elaji opòtinite pou jwenn kay ki seren, ki sekirize pou tout moun New York yo, nou ap ranfòse ekonomi nou an epi kenbe Finger Lakes ap pwogrese".

**Komisè pa Enterim nan Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape a Mike Hein te deklare,** "Lojman sipò yo jwe yon wòl krisyal nan efò nou ap fè yo pou evite sitiyasyon sanzabri atravè Eta a. Pwojè tankou Sant Sansibilizasyon pou Veteran yo ki nan Liberty Landing ap konbine pri lwaye abòdab yo ak sèvis sipò yo ak koneksyon ak opòtinite travay yo - tout sa yo ki ka ede pote estabilite nan lavi veteran yo ki te eksperimante sitiyasyon sanzabri. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York ap kontinye bay nouvèl opòtinite pou sila yo ki te sèvi peyi nou an epi investi nan solisyon reyèl pou kapab abòde pwoblèm sanzabri yo nan kominote nou yo".

**Senatè Joseph Robach te deklare,** "Mwen kontan anpil pou mwen rejwenn Sant Sansibilizasyon pou Veteran yo ansanm ak patnè gouvènman mwen yo pandan nou ap selebre patenarya inovatif sa a ki se VOC Liberty Landing. Veteran nou yo te sakrifye anpil bagay pou peyi ak kominote nou an, pwojè sa a pral ede asire ke yo gen yon kote sekirize, ki a pri abòdab apre yo fin fè tan yo nan sèvis militè yo. Mwen enpasyon retounen nan gran ouvèti a epi mwen espere wè pwojè konplè a".

**Harry B. Bronson, ki se Manm Asanble, te deklare,** "Veteran nou yo te la pou nou, epi kominote nou an dwe toujou la pou veteran nou yo. Liberty Landing pral kreye lojman ki a pri abòdab epi ki aksesib ke nou bezwen pou evite sitiyasyon sanzabri epi bay yon bon jan kalite lavi pou sila yo ki te sèvi peyi nou an. Mwen aplodi Sant Sansibilizasyon pou Veteran yo poutèt tout travay ke yo ap fè nan non kominote veteran nou an ansanm ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York lan poutèt patenarya yo nan pwojè enpòtan sa a".

**Egzekitif Konte Monroe a, Cheryl Dinolfo, te di,** "Kit se asistans nan depoze plent VA yo, anplwa, sipò konpayon oswa lojman, Konte Monroe rete pare pou sipòte veteran nou yo atravè patnè ekstrayòdinè yo tankou VOC. Nou fyè pou nou travay men nan men ak VOC nan sousye pou veteran yo ki pral abite nan Liberty Landing epi nou espere wè achèvmman pwojè enkwayab sa a".

**Majistra Vil Rochester a, Lovely Warren, te deklare,** "VOC Liberty Landing ap bay nou yon fondasyon pou asire ke veteran nou yo ki te dedike anpil bagay nan nasyon sa a gen resous ke yo bezwen pou pwospere nan kominote nou an. Mwen fyè de sipò ke Vil Rochester te pote pou pwojè sa a. Mwen vle remèsye Conifer Realty ansanm ak Sant Sansibilizasyon pou Veteran yo poutèt yo rasanble ansanm pou pote VOC Liberty Landing nan vil nou an. Epi mwen vle remèsye tout ajans ki ap sipòte pwojè sa a ki gen pami yo Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York lan, Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an ak Inisyativ Lojman Sipò Empire State lan (Empire State Supportive Housing Initiative)".

**Direktris Egzekitif Sant Sansibilizasyon pou Veteran yo Laura Stradley te deklare,** "Mwen kontan anpil inogire tèren nan pwojè mèveye sa a ak sipò Eta New York ak Conifer, LLC. VOC Liberty Landing pral yon atou mèveye pou kominote veteran an epi li ranpli yon vid krisyal nan ofri yon solisyon lojman ki atiran epi ki a pri abòdab pou veteran yo ak fanmi yo. Sèvis sipò sou plas yo pral vin yon opòtinite inik pou sila yo ki bezwen itilize pakèt seri sèvis ke nou ofri nan VOC yo. Nou chans poutèt nou te genyen vizyonè mèveye konsa yo pou pèmèt pwojè sa a vin reyalize, epi youn ki relye dirèkteman ak misyon nou genyen pou sèvi veteran yo ak konpasyon epi batay pou tout moun ki te pote inifòm nasyon nou yo pou ke yo ka 'leve kanpe' epi viv lavi yo san limit".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Conifer la Timothy D. Fournier te deklare,** "Se te yon plezi pou nou travay an patenarya ak Sant Sansibilizasyon pou Veteran yo pandan senk ane ki sot pase yo pou ka konble yon bezwen pou bay lojman ki sekirize, ki desan, epi ki a pri abòdab pou veteran nou yo. Nou kwè ke valè nou yo aliye epi ansanm yo angaje nan bay 'Yon Kay pou Posibilite yo' isit la nan Liberty Landing, ki ap fè yon enpak pozitif nan lavi moun yo chak jou".

**Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward**

Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Eta a te investi deja plis pase 6.1 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan an – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo endistri fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram "Finger Lakes Forward" la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)